



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENÈJI SOLÈ AP ALIMANTE SANT SKI BELLEAYRE, GORE AK WHITEFACE

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke teren ski eta jere nan Belleayre, Gore ak Whiteface Mountain te angaje pou itilize enèji solè pou fè fonksyone aparèy asansè paten ak operasyon annèjman.

“Lè nou itilize enèji renouvlab pou alimante gwo operasyon yo nan teren paten nivo mondal sa yo, nap bati sou angajman administrasyon sa a pou elaji itilizasyon enèji renouvlab eta, ranfòse sektè ekonomik kreyasyon travay enpòtan sa a, epi redwi enprent kabònn nan New York,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nouvèl enteresan sa se jis yon lòt rezon anplis pou vizite premye teren patinaj pandan ivè sa a.”

Kontra acha enèji 25-ane a avèk Borrego Solar se inisyativ anviwonmantal ki pi resan ke eta avèk ORDA te antreprann pou fonksyone inite biznis li avèk ogmantasyon dirabilite ak efikasite. Se egalman nan kenbe avèk inisyativ NY-Sun Refòme Vizyon Enèji Gouvènè a, yon inisyativ \$1-milya pou avanse nivo solè epi fè eta vin pi pwòch pou l genyen yon endistri solè otonòm kòm New York ap bati yon sistèm enèji ki pi pwòp, rezistan epi a bon mache.

Gore Mountain se kay teren ki pi apwopriye pou patinaj ak pi gwo enfrastrikti pou soulve nan Eta New York, avèk sistèm masif fabrikasyon nèj, operasyon pou soulve, ansanm avèk lòt ekipman elektrik ki itilize apeprè 13-milyon kilowat enèji pa èdtan e li koute apeprè \$1-milyon nan sèvis publik chak ane. Enèji solè pou Gore, ki fèt nan yon lokasyon nan Konte Washington, prevwa pou l redwi fakti enèji Gore pa plis pase \$213,000 pandan premye ane a. Pwojeksyon Borrego endike ke twa teren ski yo ka ekonomize apeprè \$14-milyon sou yon peryòd 25-ane, itilize plis pase 10 megawat enèji solè.

Pwojè solè a te resewva sipò nan men NY-Sun atravè New York State Energy Research ak Development Authority (NYSERDA), ki jere inisyativ la.

“Avèk inisyativ sa a ORDA pral redwi konsiderableman enprent kabònn li esansyèlman sanble pou retire plis pase 46,000 machin sou wout la pandan tout lavi kontra a,” te deklare prezidan ORDA Pat Barrett. “Nou vle asire ke bèl espò lwazi sa rete la pou

jenerasyon kap vini yo.”

“Pwojè sa yo demonstre yon itilizasyon inove de enèji solè, sa kap ede yon laj varyete biznis nan New York redwi depans elektrisite epi konsève anviwonman an,” te deklare John B. Rhodes, prezidan ak PDG, NYSERDA. “Yo se egzanp aksyon tanjib Eta sou strateji Refòme Vizyon Enèji Gouvènè Cuomo pou bati yon sistèm enèji a bon mache, pwòp, rezistan epi a bon mache pou tout Nouyòkè yo.”

Pwojè enèji solè a se dènye pwojè dirab pou toulè twa teren yo. Pandan dezan ki sot pase yo, Gore Mountain te ajoute 260 souflan wo efikasite, a ba enèji nan flòt annèjman li a, ansam avèk plizyè souflan vantilatè pwisans, alòske Whiteface te ajoute 100 souflan nan flòt li a. Pandan tan sa Belleayre, te kòmanse fè tranzisyon de è-konpresè dyezèl a elektrik, ansam avèk ajoute souflan enèji efikas nan flòt 600 souflan ki responsab pou kouvri rejon Catskill 55 teren santye.

Souflan wo efikasite fèb enèji itilize menm kantite dlo tankou yon souflan tradisyonèl, men lè ke souflan sa yo itilize se 25 poustan de yon souflan tradisyonèl. Enèji ki ekonomize nan fonksyone konpresè sa pou yon peryòd tan kout, pandan lap fè plis nèj nan mwens tan epi rakousi sezon fabrikasyon nèj la.

Toulè twa teren yo te modènize sistèm ponpaj yo ak/oswa konpresè yo pou plis redwi itilizasyon enèji, e nan de dènye sezon ki sot pase yo Gore te fonksyone plis asansè pou plis jou pase anvan, pandan lap itilize mwens enèji pase anvan. Yo te prezante Mòn ORDA kat prim entènasyonal “Silver Eagle”, youn pou Ekselans nan Edikasyon Anviwonman; ak twa pou Gore pou Ekselans nan Relasyon Gwoup Anviwonman, Edikasyon Anviwonmantal, ak Ekselans Resous Enpak Vizyèl.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia kwasans solè nan Eta New York te ogmante de 300 poustan apati 2011 a 2014, sa ki defwa pouvantaj kwasans endistri solè nan Etazini anjeneral. Yo te enstale yon total 314.48 megawatt elektrik solè an desanm 2014 nan eta, ekivalan a alimante plis pase 51,000 kay.

Anplis de sipò pwojè, NY-Sun egalman sipòte kominate Solè NY, K-Solar ak Renouvlab Pataje. Pou jwenn plis enfòmasyon sou NY-Sun, vizite ny-sun.ny.gov.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Belleayre, Gore ak Whiteface ansam avèk tout aktivite ak evènman kap fèt nan plas ORDA, vizite www.whitefacelakeplacid.com.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418